# लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति

प्रस्तुतकर्ता



# स्वर्ग, ईश्वर क खुबसूरत घर


लेखक: Edward Hughes

ब्याख्याकर: Lazarus

अनुवादकः सुरेश मसीह

अनुकूलित: Sarah S.


कहानी 60 से 60


**www.M1914.org**

***Bible for Children***, *PO Box 3, Winnipeg, MB R3C 2G1 Canada*



अनुज्ञापत्रः आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।


Bhojpuri

जब यीशु जीवित रहलन, उ अपना चेला लोग से स्वर्ग के बारे कहले रहलन । उ ओकरा के “हमरा बाबु जी के घर” पुकरलन आ कहलन कि ओहिजा ढेर सारा हवेली बा । हवेली खुब बडका आ सुन् दर मकान के कहल जाला । स्वर्ग धरती पर के घरन से ढेर बड आ सुन्दर भवन ह ।





यी ु कहलन, “हम तोहन लोग खातीर घर तैयार करे जात बानी । तब हम फिर आईब आ तोहन लोग के अपना पासे ले जाईब ।” मृतक लोग में से जी उठला के बाद यीशु स्वर्ग गईलन । जब चेला लोग उनका देखत रहलन, यीशु उपर उठा लिहल गईलन आ बदरी उनका के ओह लोग के नजर से अन्ह कर दिहलस ।



तबे से ईसाई लोग याद कईले बाडन कि यीशु अइहन आ उनकन लोग के ले जइहन । यीशु ओह लोग के भरोसा दिलवलन कि उ तुरन्त अईहन । बाकि उ लोग के का होई जे उनका आवे से पहिलही मर जाई? पवित्र बाईबिल कहे ला कि उ लोग सीधायीशु के पास जाला लोग । एह आत्मा के शरीर में ना रहला के मतलब कि उ आत्मा ईश्वर के साथे बा ।




3

पवित्र बाईबिल के अंतिम किताब प्रकाशना बतलावे ला कि स्वर्ग केजना सुन्दर बा । सबसे सुन्दर बात त ई ह कि स्वर्ग ईश्वर के घर ह । ईश्वर चारो ओर बाडे, बाकि उनकर सिंहासन स्वर्ग में बा ।



4

स्वर्ग मे दूतगण अउर स्वर्ग के जन ईश्वर के पूजा करेलन । ईश्वर के लोग ले मर गइल बा अउर स्वर्ग गईल बा ईश्वर के पूजा करेलन । उ लोग स्तुति के विशेष गीत गावेलन जा ।



5

ओहिजा गावे जाए वालन गीतन में से एगो गीत के कुछ शब्द एहिजा बा : रउआ ओह लायक बानी काहें कि रउरा हनी के हर जाति आ देश क लोगन में से चुन के अपना खून के द्वारा हमनी के मुक्त कराके ईश्वर के पास ले गईल बानी आ ईश्वर के पासे हमनी के राजा आ पुरोहित बनवले बानी ।
(प्रकाशना ५:९)



6

बाईबिल के अन्तिम पन्ना स्वर्ग के ‘नया येरुसालेम’ जैसा बखान करेला । ई खूब बडा बा आ ओकरा चारो ओर बडका बडका दिवार बा । ई दिवार शीशा लेखा उज्जर पत्थर के बनल बा ।



7

इ दिवार के नीव रत्न आ अनमोल पत्थर से ढकल बा, जवन कि शानदार रंग के चमकेला । हरेक शहर के दरवाजाएकही बडका मोती के पत्थर के बनल बा !



8

इ मांती के बनल दरवाजा कबो बन्द ना होला । हमनियों के ओकरा भीतर चली जा आ ओकर दर्शन करिजा ण्ण्ण वाह ! इ स्वर्ग त भीतर से अउर सुन्दर बा । इ शहर त शुद्ध सोना के बनल बा, बिल्कुल सफेद शीशा लेखा ।



9

ईश्वर के सिहांसन से एगो सुन्दर आ साफ ंजीवन के नदी के पानी के धारा बहेला । ओह नदी के दूनो ओर जीवन के पेंड बा, जवन पहिला बार ईडन नामक बगिचा में पावल गईल रहे । इ पेंड खासम खास ह । इ पेंड बारह महिना में बारह प्रकार के फल उत्पन करेला । आ एह जीवन वृक्ष के पत्ता सब राष्ट्र् के चंगा करे खातीर बा ।



10

स्वर्ग के, प्रकाश खातीर ना त सूर्य के अउर चाुद के प्रकाश के जरुरत बा ं। ईश्वर के आपन महिमा स्वर्ग के एक विशेष प्रकार के अंजोर से भर देला । ओहिजा कबो आंहार ना होला ।



11

इहा तक कि स्वर्ग के जानवर भी अलग प्रकार के बाडन । उ सब पालतु हवन आ मित्रता के भाव से रहेनप । भेडियां आ मेमना सब एके साथे घास चरेलन । इहाँ तक कि शक्तिशाली शेर भी बैल लेखा घास खालन । ईश्वर कहेलन, “हामारा पवित्र पर्वत पर उ लोग एक दूसरा के ना त चोट पहुंचइहेंना ही एक दूसरा के नष्ट करिहें ।”



12

जब हमनी के अपना आस पास देखीना जा, तब हमनी के पाईना जा कि सवर्ग में से कुछ चीज गाएब बाटे । गुससा वाला शब्द कबो सुने के ना मिलेला । कवनो आदमी गेंग ना करेला चाहे स्वार्थी ना होला ।



13

ओहिजा दरवजन में ताला ना लागे काहें कि ओहिजा चोर नईखन । ओहिजा झूठ बोले वाला नईखन, हत्यारा, ओझा गुनी चाहे दूसरा प्रकार के बदमाश लोग नईखन । स्वर्ग मे कवनो प्रकार के पापनईखे ।



14

स्वर्ग में ई वर के साथें
आँसू के कवनो नामो निशान
नईखे । कबो कबो, ईश्वर के
आदमी एह जीवन में घोर
कष्ट के कारण रोवेलन ।
बाकि स्वर्ग में, उ सबकर
आँसू पोछ दिहंन ।



15

इहा तक कि स्वर्ग में मृत्यु भी नईखे । ईश्वर के लोग हमेशा खातीर उनका साथे रहीहन । ओहिजा अब कवनो दुख नईखे अउर ना ही रोवे गावे के बा, ना कवनो बीमारी, ना बिछुडन आ ना ही मजल के विधि विधान । स्वर्ग में हरेक आदमी ईश्वर के साथे खुशहाल बा ।



16

सबसे अच्छा, स्वर्ग ओह लईका लईकीन खातीर ह जे यीशु मसीह में विश्वास करेला आ उनका के आपन मुक्तिदाता मानेला अउर आप खुदा मानके उनकर आज्ञा के पालन करेला । र्स्वग में एगो किताब रखल बा जवना के नाम ह लैम्ब के जीवन किताब । इ किताब लोगन के नाम से भरल बा । का तु जानताड कि ओह किताब में केकर नाम लिखल बाद्द ओह यब आदमी के नाम जे यीशु में विश्वास करेला । का तोहार नाम बा ओह किताब मेंद्द ।




17

स्वर्ग के बारे में बाईबिल के अंतिम शब्द हमनी खतीर अद्‌भुत नेवता ह । “आ आत्मा आ नववधु कहो, ‘आव !’ जे सुने उ कहो, ‘आव !’ आ जे पियासल होखे उ आओ । आ जेकरा भी ईच्छा होखे, उ आओ आ मुफ्त में जीवन के पानी गरहन करो” ।




18

स्वर्ग, ईश्वर के खुबसूरत घर

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

योहन १४, २ कुरिन्थ ५,
प्रकाशना ४, २१, २२

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

ईश्वर जानेलन कि हमनी के बुरा करम कइले बानी जा जेकरा के उ पाप कहेलन । पाप के दण्ड मौत ह।

ईश्वर हमनी के एतना प्यार करेलन कि उ आपना एक मात्र बेटा यीशु के घरती पर भेजलन कि उ क्रूस पर मर जास आ हमनी के पाप के दण्ड अपने चुकावसु । यीशु जीगइलन आ परलोक गइलन । अब ईश्वर हमनी के पाप क्षमा कर सकेलन ।

यदि रउआ भी अपना पाप से दूर होखल चाहतानी ईश्वर से इ बात कही : हे प्रियवर यीशु हम विश्वास करीना कि यीशु हमनी खातीर मर गइलन आ अब जीवित बाडन । मेहरबानी करके रउअ ा हमरा जीवन मे आ जाईं अउर हमरा पाप के क्षमा दीही ताकि हमरा के नया जीवन मिल सको । अउर हम हमेशा रउरा संगे रह सकी । हमरा के रउआ मदद करी कि हम राउर बच्चा के तरह रउरा खातीर जी सकी आमीन ।

हमनी के बाइबिल पढीजा आ रोज दिन ईश्वर से बात करीजा !